

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Naskah “Pépéling Kangjeng Nabi” dicangking ti daérah Ciwidey, Kabupatén Bandung. Ieu naskah ditulis ngagunakeun aksara Pégon. Naskah anu ditalungtik kandelna aya 58 kaca, jumlah pada dina ieu naskah aya 228 pada jeung ngagunakeun tujuh pupuh, nyaéta asmarandana, dangdanggula, mijil, pangkur, pucung sinom. Pupuh anu remen digunakeun nyaéta pupuh asmarandana. Eusi naskah aya tilu bagéan carita, nyaéta: 1) ngeunaan pépéling Kangjeng Nabi Muhammad keur putrana Nyai Fatimah; 2) kaduana ngeunaan pépéling ti Syéh ‘Arif ka istrinya Nyai Murtasiyah; jeung 3) Nabi paras.

Ajén-ajén kaagamaan anu kapanggih dina ieu panalungtikan, dipasing-pasing dumasar kana dasar ajaran agama Islam, nyaéta aqidah, syari’ah, jeung ahlak. Anu kaasup kana aqidah nyaéta rukun iman, nyaéta 1) iman ka Alloh, 2) iman ka Malaikat Alloh, 3) iman kana kitab Alloh, 4) iman ka Rosul Alloh, 5) iman kana poé ahir, jeung 6) iman kana qodo jeung qodar. Anu kaasup kana syari’ah, nyaéta 1) ubudiyah (ibadah), 2) muamalah, 3) munakahat (hukum kawin), jeung 4) jinayat (tindak pidana). Sarta anu kaasup kana ahlak, nyaéta 1) ahlak ka Alloh, 2) ahlak ka sasama, 3) ahlak ka budak yatim, 4) ahlak ka carogé, 5) ahlak hadé, jeung 6) ahlak teu hadé. Sakabéh hasil ieu analisis didasaran ku sumber hukum Islam nyaéta Al-Qur’an.

## 5.2 Implikasi

Hasil tina transliterasi bisa digunakeun pikeun bahan bacaan masarakat jeung ka nu can bisa maca aksara Pégon, sabada ayana kagiatan transliterasi jadi méré bongbolong pikeun masarakat maham kana prosés transliterasi tina aksara Pégon kana aksara Latén. Hasil tina maluruh ajén kaagamaan dina ieu naskah bisa digunakeun masarakat pikeun pedoman kahirupan sapopoé, sangkan bisa jadi manusa nu sampurna.

## 5.3 Rékoméndasi

Dina ieu panalungtikan tangtuna masih loba kahéngkérán. Sanajan kitu, tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh kana salasahiji karya sastra heubeul. Nambahan élmu pangaweruh dina maluruh ajén kaagamaan dina hiji karya sastra. Aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun ka sababaraha pihak, bisa dititénan saperti ieu di handap.

Rékoméndasi pikeun masarakat, dipiharep bisa ngaraksa tur ngariksa kabudayaan anu aya di tatar Sunda, contona saperti naskah wawacan anu nyatana pinuh ku ajén-ajén anu luhung. Salian ti éta, dipiharep ka masarakat sangkan leuwih sadar kana kaayaan naskah, lantaran réa naskah nu ngandung ajén-inajén pikeun nyanghareupan kahirupan sapopoé masarakat jaman kiwari.

Rékoméndasi pikeun mahasiswa Program Studi Pendidikan Basa Sunda, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa nambahan élmu pangaweruh kana naskah heubeul, sarta ngahudangkeun sumanget pikeun ngauguar deui naskah-naskah anu aya. Dina ieu panalungtikan ngan nalungtik jeung ngabahas ngeunaan transliterasi, édisi téks, jeung analisis ajén kaagamaan. Ku kituna, kudu aya panalungtikan satuluyna sangkan pangaweruh ngeunaan ieu naskah bisa leuwih lengkep.